# МЕТОДИЧЕСКАЯ РАЗРАБОТКА

**по направлению «Дидактические игры как средство активизации речи школьников. Использование игровых технологий на уроках родного языка и литературы в 1-4».**

**Конспект-таблица урока кабардино-черкесского языка во 2-м классе по теме "Ударенэ".**

**ВЫПОЛНИЛА:**
**учитель кабардино-черкесского языка и литературы**
**МКОУ СОШ с.п. Красноармейское**
**Шадова Марина Владимировна**

**2020 г.**

**Тип урока:** комбинированный.

**Цель:** ударенэ зытехуэ, зытемыхуэ пычыгъуэхэр псалъэм къыхагъуэтэфу егъэсэн.

**Задачи урока:**

- *Обучающие*:
  - Ударенэ зытехуэ, зытемыхуэ пычыгъуэхэр псалъэм къыхагъуэтэфу егъэсэн.

*Коррекционно-развивающие*:

- Сабиийхэм я бзэр, адыгэбзэр еф1эк1уэн папщ1э, я псалъэк1эм зегъэужьын

*Воспитательная*:

- еджак1уэхэр къуалэбзууэ зыщыгъуазэми, абыхэм ябгъэдэлъ щытык1эу ящ1эми хэгъэхъуэн; къуалэбзухэм хущытык1э тэмэм хуа1энымк1э дэ1эпыкъуэгъу хъун.

ХОД УРОКА

| Этап урока | Деятельность учителя | Деятельность учащихся |
|---|---|---|
| **1. Организационный момент** | -Нобэ ди махуэшхуэщ, ди бзэм и махуэщ. Дэ къыддалъхуар ди анэдэлъхубзэрщ, ди гупсысэр къызэрыт1уатэри аращ. «Бзу пэтрэ и шырхэм бзэ 1урелъхьэ». Ц1ык1ухэ, ди хьэщ1э лъап1эхэм нэмыщ1, иджыри зы хьэщ1э ц1ык1у къэк1уэну хуейщи си къуажэхьыр къэвмыщ1ауэ ар къытхуеблэгъэнукъым. Къуажэхьыр: «зи к1эр дыкъуакъуэу бгыкъур зи унап1э» (пц1ащхъуэм и бзэрабзэ макъ къо1у). | -Пц1ащхъуэ.<br>(Пц1ащхъуэ ц1ык1ур къыщ1олъатэ…)<br>-Гъатхэр къосри, удзхэр |

| | | |
|---|---|---|
| **2. Актуализация знаний** | -Пц1ащхъуэ ц1ык1ум и усэк1э дыпевгъажьэ.<br><br>-Нобэ хьэщ1эу къытхуэк1уа **пц1ащхъуэ ц1ык1ум** хьэщ1агъэ етхынщ, ди щ1эныгъэмк1и **<u>абгъуэ хуэтщ1ынщ</u>.**<br><br>**1) -Мы усэ ц1ык1ум гъатхэм и нэщэнэу хэт псалъэхэр къэдвгъэгъуэт.**<br><br>**Пц1ащхъуэ ц1ык1у.**<br><br>**<u>Гъатхэр</u>** къосри, удзхэр къок1.<br>Пц1ащхъуэ ц1ык1ухэр къолъэтэж,<br>**<u>Пц1ащхъуэ</u>** ц1ык1ухэр къытхуогуф1э,<br>Пыгуф1ык1ыу къытхуосыж.<br>Пц1ащхъуэ ц1ык1уу зи бзэр дахэ,<br>Хугу уэстынщи , **<u>уэрэд</u>** жы1э.<br>**<u>Щ1ып1э</u>** жыжьэм щыплъэгъуахэр Псысэ дахэу къыдже1эж.<br>(Елбэд Хьэсэн)<br><br>-Мы псалъэхэм хэкъузауэ къэтпсэлъыр сыт хуэдэ пычыгъуэра?<br><br>-Сыт хуэдэ дамыгъэ абыхэм тедгъэувэр?<br><br>-Нт1э, сыт ударенэк1э зэджэр? | къок1.<br>Пц1ащхъуэ ц1ык1ухэр къолъэтэж,<br>Пц1ащхъуэ ц1ык1ухэр къытхуогуф1э,<br>Пыгуф1ык1ыу къытхуосыж.<br>Пц1ащхъуэ ц1ык1уу зи бзэр дахэ,<br>Хугу уэстынщи , уэрэд жы1э.<br>Щ1ып1э жыжьэм щыплъэгъуахэр<br>Псысэ дахэу къыдже1эж.<br>(Елбэд Хьэсэн)<br><br>**-Гъатхэр, пц1ащхъуэ, уэрэд, щ1ып1э**<br><br>-Гъа, пц1а, рэд, щ1ы.<br><br>-Ударенэ дамыгъэ тыдогъэувэ.(псалъэхэм ударенэ трагъэувэ интерактивнэ доскар къагъэсэбэпк1эрэ)<br><br>-Псалъэр зы пычыгъуэ нэхърэ нэхъыбэ хъумэ, а пычыгъуэхэм щыщу зым макъыр нэхъ хэкъузауэ |

| | | |
|---|---|---|
| *Постановка цели.*<br><br>**3. Изучение нового материала**<br><br>*Анализ, сравнение языкового материала;*<br><br>*Выделение существенных признаков;*<br><br>*Формулировка понятия;* | -Ударенэр зытехуэр сыт хуэдэ макъ?<br><br>-Нт1э, ц1ык1ухэ, къызэрывгуры1уащи, ди темэр **ударенэщ.**<br><br>- Нобэ ди мурадщ ударенэр зытехуэ, зытемыхуэ пычыгъуэхэр псалъэм къыхэдгъуэтэфу зедгъэсэну.<br><br>-Иджы, ди пц1ащхъуэ ц1ык1ур мызэшын папщ1э, нэгъуэщ1 къуалэбзухэри къедгъэблэгъэнщ.<br><br>**(Презентацэ къуалэбзухэр иту)**<br><br>**1) Жаным Борис и усэ «Къуалэбзу пшыналъэм», интерактивнэ доскам къридзэм, зы еджак1уэ къегъэджэн.**<br><br>**2)Усэм бзууц1эу хэтым ударенэ трагъэувэ** ( интерактивнэ доска) | къапсэлъ. Абы ударенэк1э йоджэ.<br><br>-Ударенэр макъзешэм тоувэ.<br><br>**«Къуалэбзу пшыналъэ».**<br><br>**Адэжынэр (стрепет)** лъакъуапц1эщ,<br>Жылэгъапц1эр **к1ыгуугущ (кукушка),**<br>Уэгум итыр **къуршыбгъэщ (горный орел),**<br>Зи бгъэ хужьыр **дудакъщ (дрофа),**<br>**Къанжэ(сорока)** жа1эмэ, бзук1ак1эщ,<br>Ак1э зи1эр **хьэгуагуэщ (жаворонок),**<br>Шыгъуэгу бзухэр гъуабжафэщ,<br>Ар ф1ыц1афэмэ, **бжэндэхъущ (скворец),**<br>Къазыхъу макъмэ, **жьындущ (филин),**<br>Дамэ пхъашэмэ, **къашыргъэщ (ястреб),**<br>Пхуэмыгъасэмэ, **мэз джэдщ (фазан),**<br>Дуурысмэ, **хьэрхьупщ (удод),**<br>И пщэр псыгъуэм, **псыхэуэщ (цапля),**<br>Уэшхыр ф1эф1мэ, **псы джэдщ (лысуха),**<br>Дамэр к1эщ1мэ, **бабыщщ (утка),**<br>Тощыр инмэ, **гуэгушщ (индюк).** |

| | | |
|---|---|---|
| | | **Банэщ1эжи (лесной конек, крапивник ) бзужэри**<br>Къуалэбзухэм яхэтщ,<br>Зи гугъу тщ1ахэм нэмыщ1и<br>**Къуанщ1э (галка)**<br>ц1ык1ухэр ди куэдщ.<br>(Жаным Борис) |
| | -Гуэгуш-псалъэм сыт хуэдэ макъ щызэхэпхрэ хьэрфк1э къамыгъэлъагъуэу? | -Макъ ы щызэхыбох, ауэ хьэрфк1э къагъэлъагъуэкъым.<br>-Макъ дэк1уашэ у-ми, 1упэр хъурей хъууэ къапсэлъ адрей макъ дэк1уашэхэми я ужьк1э макъ ы къапсэлъ, ауэ хьэрф ы ятхыркъым. |
| | -мы усэм хэт къуалэбзууц1эхэм сыт хуэдэ лейуэ хэтыр?<br><br>-Сыт ахэр **щ1элейр?**<br><br>-Бабыщыр унагъуэм имызакъуэу, губгъуэми щопсэу.<br><br>Мы къуалэбзухэм щыщу адэжынэр, дудакъыр, мэз джэдыр, жьындур, къуршыбгъэр ди **Къэбэрдей-Балъкъэр тхылъ плъыжьым ихуащ, ахэр хуэсакъыу хъумэн хуейщ, мык1уэдыжын щхьэк1э**. | -бабыщрэ,гуэгушрэ.<br><br>-Ахэр унагъуэм щопсэу. |
| **4. Первичное закрепление**<br><br>*Коллективная работа* | **Доскам къехыгъуит1у ит къуалэбзууц1э пычыгъуэу зэпыудахэр зэпыгъэувэурэ сурэтхэр к1эрылъхьэн:**<br><br>**1 гуп**<br>ду жэ<br>къан дакъ<br>бжэн хьуп<br>хьэр дэхъу<br>**2 гуп**<br>жьын щ1э<br>къуан ду<br>к1ы быщ<br>ба гуугу | **1 гуп**<br>дудакъ<br>къанжэ<br>бжэндэхъу<br>хьэрхьуп<br>**2 гуп**<br>жьынду<br>къуанщ1э<br>бабыщ<br>к1ыгуугу |

| | | |
|---|---|---|
| **5. Закрепление**<br><br>*(самостоятельная работа по рядам)*<br><br>*Словарно-орфографическая работа*.<br><br>Цель: повторение изученных орфограмм.<br><br>**4. Физкультминутка** | а) -Иджы, ц1ык1ухэ, фи тхылъымк1э напэк1уэц1 50-р къызэ1уфхи, лэжьыгъэ 93-м феплъыт. Мы лэжьыгъэм къуалэбзууц1эу хэтыр къыхэфтхык1. Абы щхьэк1э фи тетрадхэм напэк1уэц1 67-р къызэ1уфхи, нобэрей числомрэ класс лэжьыгъэмрэ ифтхэ. «Дахэу тхэ» жыхуи1эм деж ахэр сатыру ифтхи, ударенэ дамыгъи тевгъэувэ.. (зы еджак1уэ доскам къыдок1ри псалъэхэр иретхэ, ударенэ дамыгъи трегъэувэ)<br><br>б) –Пц1ащхъуэ псалъэм и къегъэжьап1э хьэрф **п**-м сыт хуэдэ макъ къигъэлъагъуэрэ?<br><br>–Къанжэ псалъэмрэ пц1ащхъуэ псалъэмрэ ударенэр зытехуэр сыт хуэдэ пычыгъуэра?<br><br>-Сыт а пычыгъуэхэм къащыщ1ар?<br><br>-Нт1э, сыт хуэдэ правилэ ди1э абы теухуауэ?<br><br>-Ятхынур а-ми э-ми щызэхамыгъэк1ыфым деж, къызэрапщытэ псалъэ къыхуахьри тэмэму псалъэр зэратхынур къахутэ: пц1ащхъуэшхуэ-пц1ащхъуэ.<br><br>**Зыгъэпсэхугъуэ дакъикъэ: Тебакъ-тепщэч** джэгум къуалэбзууц1эхэр пычыгъуэу зэпыудын. Къуажэхьхэмк1э:<br><br>-Вак1уэ дэк1ым к1элъоджэ, къаджэ-наджэу къек1ухь.<br><br>-Зи гупэр пхых ц1ык1у,<br><br>Зи щ1ы1ур цей ф1ыц1афэ,<br><br>Зи щ1агъыр чэсейфэху<br><br>-Зи ц1э изы1уэж , мыкъурт<br><br>-Хьэщ1ап1э бзу, бзуужь к1апэху | -Макъ п1 къегъэлъагъуэ, ауэ макъ ц1-м и пэк1э къэк1уащи хьэрф п-к1э къагъэлъагъуэ.<br><br>- Къан, пц1а.(Егъэджак1уэм а псалъэхэм я бгъум иретхэ: пц1ащхъуэ-пц1ащхъуэшхуэ; къанжэ- къанжэшхуэ )<br><br>-Пыгъуэхэм хэт макъ а-р э хъуащ.<br><br>-Макъзешэ а-к1э къэхъуа зыхэт пычыгъуэм ударенэр те1эпхъук1мэ, макъ а-р макъ э мэхъу: къанжэшхуэ.<br><br>Хьэр-хьуп<br><br>пц1а-щхъуэ |

| | | |
|---|---|---|
| 6. Итог | **Еджак1уэ ц1ык1ухэм ди щ1ып1эм щыпсэу къуалэбзухэм теухуауэ ягъэхьэзыра къэхутэныгъэ лэжьыгъэм къегъэджэн:**<br><br>**(макъамэ къеуэу)-**Жыг хадэхэм бзу абгъуэхэр куэду щыф1эф1дзэ. А абгъуэхэм бзу 1эджэ къыщрашынщ. Бзухэм жыгхэм хьэп1ац1эхэр къыпахыурэ я шырхэм ирагъэшхынщ. Мис ит1анэ хьэп1ац1э зэранхэр к1уэдынщ.<br><br>Ц1ык1ухэ, къуалэбзухэр ныбжьэгъу фщ1ы!<br><br>Нобэ мураду дгъэувар къыдэхъул1ауэ къызобж: ударенэ зытехуэ, зытемыхуэ пычыгъуэхэр псалъэм къыхэдгъуэтэфу зедгъэсащ, ударенэм теухуауэ дджар зэрыдгъэубыдащ; ди пц1ащхъуэ ц1ык1уми | к1ы-гуугу<br><br>къан-жэ<br><br>**<u>япэ еджак1уэ:</u>**<br>- Ди лъахэм къуалэбзу зэмыл1эужьыгъуэ куэд щопсэу. Язынықъуэхэр щ1ымахуэм хуабап1э щ1ып1эм мэлъатэ. Абыхэм ящыщщ бжэндэхъухэр (скворец), хьэрхьупхэр (удод),пц1ащхъуэхэр (ласточка). Щ1ымахуэм щ1ы1эр ди щ1ып1эм щизыххэм ящыщщ бзуущхъуэр(серый дрозд), уэсбзур (снегирь), жыгыу1ур (дятел).<br>**<u>ет1уанэ еджак1уэ</u>**<br>- Хуабап1э щ1ып1эм лъэта бзухэм гъатхэ зэрыхъуу къагъэзэж. Псом хуэмыдэу япэ къосыж бжэндэхъухэр (скворец). Абыхэм к1элъык1уэу къолъэтэж хьэрхьупхэр(удод). Хьэрхьупхэм я ужьк1э къолъэтэж пц1ащхъуэхэр (ласточка). Къуалэбзухэм жыгым зэран хуэхъу хьэп1ац1эхэр яшх. |

| | | |
|---|---|---|
| | ди щ1эныгъэмк1э абгъуэ хуэтщ1ащ. Псори хъарзынэ дыдэу фылэжьащ.<br><br>-Иджы, ц1ык1ухэ, нобэрей дерсым едгъэк1уэк1а лэжьыгъэр къызэщ1эткъуэжынущ мы псалъэухахэр и к1эм нэвгъэсыжк1эрэ:<br><br>1.Сэ къэспщытэжащ…<br>2.Сэ сигу ирихьащ…<br>3.Сэ сигу ирихьакъым…<br>4.Сэ щ1эуэ къэсщ1ащ… | |
| **7. Домашнее задание** | **Унэ лэжь.** Къуалэбзууц1э хэту псалъэухаищ зэхэлъхьэу, псалъэхэм ударенэ тегъэувэн. | |